



BIWO ANVOYE ESPESYAL POU AYITI

ENFOMASYON KLE

[Ekstrè nan "Genyen Èd chanje?" Jen 2011]

Enfòmasyon ki nan rapò sa chita sou pwèv oswa evidans sou kijan donatè yo te fè èd yo te gen nan men yo rive an Ayiti anvan twanbleman tè a epi pandan jefò ki te bay nan pote sekou ak rekonstriksyon. Men tandans kle yo sou èd ki bay an Ayiti:

Volim èd la

- Ed pou Ayiti triple ant ane 2009 pou rive 2010. Li pase de \$1.1 milya dola (\$144 milyon nan aktivite sekou ak \$977 milyon ki te ale nan aktivite developman) a plizoumwen \$3.4 milya dola (\$1.6 milya nan aktivite sekou ak \$1.8 milya nan aktivite rekonstriksyon ak developman).¹
- Ed ki vinn jwenn Ayiti de donate bilateral ak multilateral yo reprezante yon pi gwo sous lajan ke pwop lajan gouvènman ayisyen an li mem pwodui – apepre 130 pousan resous entèn leta an 2009 epi apepre 400 pousan de resous gouvènman an 2010.²

Kiyès ki resevwa lajan èd la

- Apepre 99 pousan de ed ki te disponib pou pote sekou apre twanbleman de te-a al jwen ajans bilateral, multilateral, ak ajans ki bay popilasyon an sevis men ki pap travay pou leta. Kontrakte prive ak lot ajans ki pa nan leta te antre ladan tou.
- Apepre 56 pousan de ed ki te disponib pou rekonstriksyon-an te al jwen direktman ajans multilateral, ajans entenasyonal yo ki bay popilasyon an sevis, ak yon seri lot ajans ki pa espesifye; 13 pousan de ed rekonstriksyon-an te al jwenn gouvènman direktman a trave system nasyonal ki te la deja. Yon lot 31 pousan ed rekonstriksyon- an te ale jwenn sekte piblik la, byen ke Biwo

¹ Nan la pratik an Ayiti, aloske li tre difisil pou fe distenksyon ant aktivite ki selman sipote swa sekou oswa rekonstriksyon, genyen plizye sous lajan ki gen pwop paramet pa yo eki dikte yo kijan pou yo distribye ed-la a chak sekte ladan yo. An plis de sa, donate yo adopte yon apwoch ki diferan youn de lot pou yo sa repon a bezwen ki imedia – tankou manje, abri pwoviswa, dlo ak beswen sanite. Apwoch sa-a diferan de apwoch yo itilize pou rekonstriksyon ak developman sou lon tem. Rapo sa-a separe aktivite sekou de aktivite rekonstriksyon a pati de sous lajan ki te itilize pou finanse aktivite sa-yo.

² Nan komparezon sa, lajan prive ki finanse ONG prive yo ak lajan piblik ki finanse MINUSTAH-a pa antre.

Anvoye Espesyal (OSE) la pa rive jwen enfomasyon egzak sou kiyès pami biwo nan sekte piblik la te rive jwen ed say o. (Moun ki resevwa ed sa kapab genyen pami yo kek biwo nan gouvènman an, kek gwoup kap enpleman te pwoje ak kek ajans prive ki bay popilasyon an sevis).

- Jan donate yo distribiye lajan ed la pa diferan de kijan yo te kon abitye fonksyone avan twanbleman de te a - men si donate multilateral yo ogmante kontribisyon yo direktman pou gouvènman-an apre twanbleman de te-a a trave system nasyonal ki te la deja (kontribisyon ki al jwenn gouvènman-an direktman pase de 14 pou rive 26 pousan).

Kijan ed la distribiye


- Avan twanbleman de te-a, majorite ed pou Ayiti te distribiye sou fom don direk ak koperasyon teknik.
- Apre twanbleman de te-a, plis ke 60 pousan ed pou pote sekou ak rekonstriksyon de donate bilateral ak multilateral yo te distribiye sou fom don direk pou plizye respidan. Yon lot 14 pousan ap distribiye jiskaprezan a trave Fon Rekonstriksyon pou Ayiti.
- Kontribisyon ki bay pou sipote bidje (Gouvènman Ayisien-an) ogmante a pati de \$93.6 milyon nan ane fiskal 2009 pou rive \$225 milyon nan ane fiskal 2010 la, menm si sanble kontribisyon sa yo ap fe yon ti bese pandan ane fiskal 2011 la, paske genyen selman \$47.9 milyon ki gen tan bay depi lane a komansè jouk rive jodi-a.

Eske donate yo respekte pwomès yo te fe yo?

- Donate yo depansè preske 70 pousan de lajan yo te pwomet pou 2010, sa ki, an li menm, yon nivo ke yo pa te janm te rive akonpli depi preske 10 zan. Sepandan, le nou met ansanm lajan ki te pwomet pou lane 2010 ak 2011, plis pase 60 pousan de lajan sa-a poka janm depansè.
- Poko genyen yon fason ki si pou konnen kile pou kob ki enpotan anpil yo rive. Sa valab tou pou lajan ki gentan pwomet pou sipote bidje-a.


Kidonk, apre twanbleman de te-a, te genyen yon ogmantasyon ase enpotan de volim ed-la avek de jefo de priz de responsabiltè de donate pou yo respekte sa yo te pwomet, avek tou yon desizyon pou yo ede leta Ayisien an nan depansè bidje li. Sepandan, selon enfomasyon ki disponib jounen jodi-a ta ka fe nou pansè ke poko gen yon gwo chanjman ki fet nan kiyès ki resevwa kob ed-la ak kijan ed-la distribiye depi twanbleman de te-a te rive. Si nou chita sou analiz sa-a, diskisyon ki ap fet kounye-a la ak gouvènman-an, Komisyon Enterimè pou Rekonstriksyon Ayiti-la ak lot donate yo, sou kijan pou nou avansè selon prensip akonpayeman-an. Diskisyon sa yo pwal egzamine sak ka rive si donate yo pote chanjman nan fason yo distribiye ed-la ak kijan yo chwazi respidan yo, kidonk si donate yo ap kapab kontribiye pou fe sekte piblik-la ak prive-a vinn pi djanm, pou pemet sekte kapab rive ofri plis opotinite pou sitoyen ayisien yo.

Fig 1: ODA (Asistans Ofisyel pou Developman) pou Ayiti an mlyon dola



Sous : Enfomasyon ki soti nan OECD


Fig 2: ODA an Ayiti an 2007 de bilateral & Multilateral donors selon modalite yo




Sous : Enfomasyon ki soti nan OECD

Figi 3: ODA an Ayiti (Sekte piblik ak sekte ki pa piblik) an 2007 selon resipyan yo

Donate Bilateral-*yo*




Donate Miltilateral-*yo*



- Ajans multilateral, Oganizasyon non-gouvenma ak kontrakte prive, ki pa sipote sekte piblik-la
- Gouvenman-an, ajans multilateral yo, ONG yo al kontrakte prive yo ki
- Gouvenman-an, sistem nasyonal-*yo* itilize


Sous : OECD ak Donate-*yo*

Figi 4: Depans Ed la selon kote'l soti ak resipyan yon an lane 2010, an milyon dola




Sous : OSE

Figi 5 : Ed ki depanse nan bay sekou an Ayiti nan lane 2010 selon modalite-yo (depi Janvye pou rive Mas 2011)




Sous : OSE

Figi 6: Ed ki depanse nan pote sekou an Ayiti selon resipyan-yo (depi mwa janvye rive nan mwad mas 2011)



Sous: OSE

Figi 7: Ed ki depanse nan aktivite rekonstriksyon selon modalite-yo ki vini de donate bilateral-yo ak miltilateral yo



Chema 8: Èd pou rekonstriksyon selon benefisyè-yo ki vini de donate bilateral-yo ak multilateral-yo

